

3 avril 2020

Chè fanmi:

Depi bilding lekòl yo fèmen an epi nou fè tranzisyon pou aprantisaj adistans semèn pase a, nou tout, an kolaborasyon avèk plis pase 150,000 anplwaye nou yo, montre detèminasyon ak kouraj enkwayab pandan nou janbe nan yon nouvo reyalite. Ansanm, nou transfòme edikasyon piblik nan pi gwo sistèm lekòl nasyon an nan fason nou pa ta janm imajine menm kèk semèn avan.

Pandan tout pwosesis sa a, nou te abòde chak desizyon n ap pran avèk sante, sekirite, ak aprantisaj kontinyèl elèv nou yo nan tèt nou an premye plan. Atravè tout sa, mwen te ensiste ke nou bezwen fonksyone avèk fleksibilite avèk pasyans pou tout kominote lekòl nou an.

Valè sa yo, ansanm avèk reyalite ke distans sosyal rete yon bagay tout Nouyòkè dwe kontinye respekte, vle di nou dwe pran yon nouvo apwòch pou Vakans Prentan, ki te pwograme pou jedi, 9 avril jiska vandredi 17 avril 2020.

Pou sante ak byennèt tout Nouyòkè, Vil la ak Eta a dakò pou lekòl kontinye ofri aprantisaj adistans, menm pandan jou ki te deja planifye kòm vakans yo. Avèk sa, lekòl nou yo ap kontinye avèk aprantisaj adistans lan pandan tan yo te pwograme pou Vakans Prentan an.

Nou konnen anpil Nouyòkè planifye pou obsève fèt relijye yo nan dat 9 ak 10 avril. Nenpòt elèv ak anplwaye lekòl ki yomenm vle obsève jou ferye sa yo ka fè sa. Sepandan, jou sa yo pap konsidere kòm "jou konje" pou sistèm lekòl la, epi aktivite aprantisaj adistans yo ap kontinye pou elèv ki pa obsève jou ferye yo.

Men enfòmasyon enpòtan anplis pou fanmi pandan tan sa a:

Aprantisaj adistans

Nou konnen vakans prentan an se yon moman repo ak rechaj pou ni edikatè nou yo ni elèv nou yo—epi nou konnen kijan tout elèv nou yo ak edikatè nou yo ap travay di pou adapte yo avèk yon nouvo apwòch aprantisaj.

Avèk sa nan lespri nou, n ap ofri lekòl resous aprantisaj adistans ki konsantre sou tèm chak jou ak aktivite ranfòsman pou tout elèv pou peryòd 9-17 avril la. Sa pral kenbe elèv ak pwofesè angaje ak konekte tout bon youn ak lòt, ak sa k ap pase nan mond ki antoure yo—menm pandan nou tout kenbe distans sosyal la lakay nou.

Resous yo ap gen ladan "tèm" pou yon jou (egzanp: byennèt, lang yo pale nan mond lan, syans enfòmasyon, preparasyon pou kolèj ak karyè) ak pran avantaj resous edikasyon ak kiltirèl sou entènèt san parèy isi a menm nan vil la (egzanp, mize, bibliyotèk, ak enstitisyon kiltirèl).

N ap pataje plis enfòmasyon sou aktivite sa yo avèk lekòl yo semèn pwochèn. Nou gen tout konfyans lè nou kontinye aprantisaj adistans lan, sa ap ede asire fanmi konfòme yo avèk distans sosyal nan semèn kap vini yo, sa ki se premye bagay pou ralanti pwopagasyon viris la ak kenbe tèt nou ak vwazen nou an sekirite.

Sant rejyonal pou ranfòsman

Sant rejyonal pou ranfòsman (REC) sèvi timoun premye sekouris yo, travayè swen sante, ak lòt anplwaye esansyèl nan tout vil la. Majorite lokal REC yo ap rete ouvri ant 9-17 avril. Nou pral kominike alavans avèk fanmi ki ta ka bezwen ale pou yon bout tan nan yon REC diferan pandan tan sa a. Ale sou sitwèb schools.nyc.gov/recs pou jwenn plis enfòmasyon..

Manje gratis

Sant manje yo ofri manje gratis pou nenpòt Nouyòkè ki vle yo. Majorite lokal Sant manje nou yo pral kontinye fonksyone tou. Pou jwenn Sant manje ki pi pre w la pandan peryòd sa a oswa nenpòt ki lè, ale sou schools.nyc.gov/freemeals.

Prekosyon pou sante

Nou konnen fanmi nou yo ap travay di pou sispann pwopagasyon viris coronavirus la. Moun ki pa montre sentòm ka toujou kapab gaye COVID-19 la, epi se poutèt sa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (DOHMH) rekòmande pou mete yon bagay pou kouvri figi w oswa mask nenpòt lè ou deyò lakay. Lè w kouvri figi w sa pa pral pwoteje ou kont enfeksyon, men li ka ede lòt moun. Ou ka kouvri figi w avèk nenpòt bagay ki kouvri nen ou ak bouch ou, ladan mask pousyè, foula ak bandana Pa itilize mask travayè swen sante, piske nou dwe konsève yo pou moun ki nan sistèm swen sante a. Menm si ou gen bagay pou kouvri figi w, kontinye rete lakay ou otank posib epi evite kontak sere avèk lòt moun. Tanpri ale sou nyc.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon ak yon FAQ (kesyon moun poze souvan) sou kouvri figi, ansanm avèk lòt enfòmasyon enpòtan sou viris la.

Nou kontinye fonksyone avèk sante, sekirite, ak bon kalite aprantisaj kòm premye priyorite nou pou chak timoun ak adilt nan kominote DOE nan tout senk borough yo. Anmentfwa ak yon lòt fwa, oumenm ak pitit ou —ak tout edikatè k ap sèvi yo—ap pwouve Vil Nouyòk gen pi bon elèv ak anplwaye nan mond lan, epi pa gen anyen k ap janm chanje sa.

Tanpri rele 311 oswa ale sou schools.nyc.gov pou nenpòt kesyon sou REC, manje gratis, ak lòt ankò. Kòm alòdinè, ou dwe kontakte pwofesè, direktè lekòl la, ak lòt moun nan lekòl ou a pou kontinye jwenn enfòmasyon sou aprantisaj adistans ak sou pitit ou.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk